

# KONPAREZON VAKSEN COVID-19 YO

Se Divizyon Sante Piblik Delaware a ki bay enfòmasyon sa yo sou baz enfòmasyon ki pi resan konsènan vaksen pou COVID-19 yo ki disponib kounyeya.



Tout twa vaksen yo genyen lejè diferans, men yo tout te pwouve ke yo wotman efikas nan prevni gwo maladi, ospitalizasyon, ak lanmò ki sot nan COVID-19 kay moun ki te patisipe nan esè klinik yo.

|  | MODERNA  | PFIZER   | JOHNSON & JOHNSON  |
|--|--|--|--|
| <b>KIJAN OU PRAN L</b>                               | De dòz, 28 jou entèval*  | De dòz, 21 jou entèval*  | Yon dòz  |
| <b>LIMIT LAJ</b>                                     | Dwe genyen 18 lane oswa plis   | Dwe genyen 16 lane oswa plis   | Dwe genyen 18 lane oswa plis   |
| <b>KONBYEN MOUN KI TE TESTE L</b>                    | 30,000 volontè Ozetazini an, nan tout gwoup ras  | 43,000 volontè nan sis peyi, nan tout gwoup ras  | 43,000 volontè nan uit peyi, nan tout gwoup ras  |
| <b>KIJAN LI FONKSYONE</b>                            | ARNm <sup>+</sup>  | ARNm <sup>+</sup>  | Abaz Adenoviris <sup>++</sup>  |
| <b>FASON LI PWOTEJE SELON DONE SOU ESÈ KLINIK YO</b> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• 100% efikas nan anpeche lanmò</li> <li>• 90% efikas nan anpeche ospitalizasyon<sup>***</sup></li> <li>• 100% efikas pou anpeche maladi grav</li> <li>• 94.1% efikas pou anpeche moun prezante sentòm COVID-19 yo</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• 100% efikas pou anpeche lanmò ak entènè lopital</li> <li>• 99% efikas pou anpeche maladi grav</li> <li>• 95% efikas pou anpeche moun prezante sentòm COVID-19 yo</li> </ul> | <ul style="list-style-type: none"> <li>• 100% efikas pou anpeche lanmò ak entènè lopital</li> <li>• 85% efikas pou anpeche maladi grav</li> <li>• 72% efikas Ozetazini pou anpeche COVID-19 ki varye ant modere ak grav</li> </ul> |
| <b>KONBYEN TAN ANVAN MWEN KONPLÈTMAN VAKSINEN</b>    | Yo konsidere moun yo konplètman vaksinen nan de semèn aprè dat dezyèm dòz la <sup>**</sup>   | Yo konsidere moun yo konplètman vaksinen nan de semèn aprè dat dezyèm dòz la <sup>**</sup>   | Yo konsidere moun yo konplètman vaksinen nan de semèn aprè dat vaksinasyon an <sup>**</sup>  |

\* Si li pa posib pou respekte entèval dòz yo, CDC deklare ou ka tann jiska 42 jou pou ou resevwa dezyèm dòz la.

<sup>+</sup> ARNm: Vaksen pou COVID-19 sa yo bay selil yo kòmandman pou fè yon moso ki san danje nan sa yo rele "pwoteyin Spike" la, ke ou jwenn sou sifas viris ki lakòz COVID-19 la. Pou sistèm iminitè nou reyaji, li fabrike antikò pou pwoteje kont enfeksyon. Pwoteyin spike la fonn epi apres a li disparèt.

<sup>++</sup> Yo antre yon ti moso materyèl jenetik ki soti nan kowonaviris la nan yon vèsyon febli yon viris rim òdinè ki rele yon adenoviris. Pou sistèm iminitè a reyaji, li chanje sistèm alam selil yo pou aktive selil iminitè ki toupre yo. Selil iminitè yo detekte pwoteyin anvayisè COVID-19 yo pou konbat enfeksyon an.

<sup>\*\*</sup> Selon konsèy pa enterim CDC a ki te soti nan dat 03/08/2021.

<sup>\*\*\*</sup> Selon ospitalizasyon yon moun nan esè klinik yo.

04/14/2021

**POU MIZAJOU SOU COVID-19:** Vizite [de.gov/covidvaccine](https://www.de.gov/covidvaccine), rele nan 1-833-643-1715, voye imèl bay [vaccine@delaware.gov](mailto:vaccine@delaware.gov), epi swiv Divizyon Sante Piblik Delaware (DPH) sou rezo sosyal yo.